

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng octawi
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, octawi moendoet dados lengganan,
tepang rembag roemijn kalijan admini-
stratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA
kabante
REDACTIE - COMMISSIE.

NGATOERAKEN
KASOEGENGAN
ING DINTEN RIAJA
PASKAH.
Redactie lan Administratie.

PRADJA RAHAJOE
80 TAOEN TANPA WONTEN
INDAKIPOEN.

Amrik sampoen kesangeten, oe-
ngel-oengelan poenika koela gantos
“80 taoen prasasat tanpa wonten
indakipoen.” Poenika poenapa ta?

Kapinoedjon koela maos “Tijds-
schrift van Nederlandsch Indie”
taoen 1850 djilid II katja 217. Ing
ngrikoe wonten pambantoe ingkang
namoeng nanda astani
20 Mei 1850. Poenika ngrembag
bab Kawontenaning bangsa Djawi,
makaten:

Tjina ikoe kaleboe éwoné bang-
sa, kang kembang lambéné moeng
„mboewang tjatting, oléh tambar.”
Tjina ikoe ngerti, jén wong Djawa
ikoe ing bab ékonomi ringkith, ma-
deg déwé ora bisa, moelané jén di-
oempak, dineng-nengi barang sing
rémeh-rémeh, bandjoer kena dible-
djédi. Tjina kang manggot ing désa,
kerep baé jén krambil-krambil ing
kono dioendoehi, mèh kabéh dadi
doewéké, lan marga awéh poersekot,
bakda panén pariné mèh kabéh di-
poendoengké marang Tjina maoe.

Wong Djawa ing désa-désa (ma-
lah prijai ija ora koerang) ikoe
oeripé ora ngélingi dina ing boeri.
Sapa baé sing doewé doewit, o-
gampang banget enggoné bisa mboe-
djoek wong Djawa, soepaja nge-
dola barangé moerah-moerahan.
Terkadang enggoné gelem diboe-
djoek ikoe marga wis ketjemploeng
ing djoegangan saka koerang ngati-
atiné dék bijén.

Awéh poersekot kanggo nandoer
pari ikoe patrapé mangkéné: Ngarepáke tandoer, wongé tani diwé-
néhi pari oepama 1 amet; bésok
jén panén, koedoe mbalékké marang
Tjinané 3 oetawa 4 amet. Jén wongé tani oetang doewit f 1 ngarepáke
panén, bakda panén jaikoe mangsané pari moerah, koedoe
mbalékké woedjoed pari pengadjif 3.

Oepama si Tjina enggoné golék
bati moeng setaoen baé, ora dadi
apa, kapitoenané Wongé Djawa ija
moeng sapisan dji, nanging ora,
Tjinané enggoné minteri teroes baé.
Tjina ikoe akal, moelané ngoedi soe-
paja wong Djawa katekem ing ta-
ngané, perloené soepaja enggoné
golék bati bisa nganti lawas. Kaprije patrapé? Mangkéné: Jén si
Djawa mbalékké oetangé, mangka
dewéké (= si Tjina) ora koewatir
kapitoenan, bandjoer étok-étok soe-
manak, Wongé Djawa moeng dikon-
mbajar rong prateloné disik. Masti
baé Wongé Djawa seneng, nanging
ora ngertia, ikoe djeboel poeloet.
Dadiné bésok jén panén, bisa saja
bati manéh. Lawas-wawas Tjinané
saja ngangseg, woeana krambile
si Djawa kena dirampas moeng sa-
rana poersekot satistik.”

Mangga para maos, pandjenengan
raos-raosaken 80 taoen kapengker
kawontenanipoen kados makaten,
samangké inggih prasasat taksih kado-
s makaten, mangka sapoenia
poendi-poendi sampoen wonten se-
kolahan. Saking pamangih koela,
sekolahan poenika mbok Universiteit
pisan, boten katah paédahipoen, ma-
nawi wewatekan boten dipoenisaé-
kaken. Mangga kagalih: Tjina min-
dring satoenggal, boten mambet
sekolahan, teka saged neloekan
tijang Djawi ing padoeesoan pi-
tent-pinten atoes, dalasan djempolan
asring toemoet teloek. Poenika na-
moeng margi tijangipoen Djawi waoe
watekipoen taksih sami kalijan we-
watekan 80 taoen kapengker.

poen P. D.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Isinipoen: 80 taoen tanpa wonten indakipoen — Ngitali nama awon — Katrangan
saking Soerakarta — Serat kintoenan — Wedaring pangoda raos — Saking pakempalan
— Indonesia Raja lan Wilhelmus — Ontjen — Oerap-sari — Correspondentie.

NGLEBETI NORMAALSCHOOL.

Ngatoeri pirsa bilih: „Toelating
examen” kanggé Normaalschool èstri
ing Ambarawa bêndjing tanggal 26
lan 27 Mei 1930. Sinten ingkang badé
nglebeti, kenging njipeng wonten ing
Zusteran.

Meisjes - Normaalschool
ZUSTERS FRANCISCANESSEN.

NGITJALI NAMA AWON!!

Koela poenika taksih nama laré,
awit koela taksih sekolah. Nanging
sampoen wonten pangkat nginggil
pijambak, dados mèh tammat. Mila
koela matoer doemateng para sadé-
rèk sadaja kémawon, ingkang sam-
poen tammat, oetawi ingkang taksih
sinaoe, soepados soegengipoen sam-
poen ngantos ngoetjemaken asma
pandjenengan pribadi, oetawi na-
maning pamoelangan pandjenengan
roemijn oetawi sapoenia.

Koela namoeng badé damel oe-
pami, oepami waoe kados ngandap
poenika:

1. Oepami wonten sadérèk ing-
kang sampoen tammat, saking pa-
moelangan koela sapoenia (koela
namani A. B.), poenika bokmanawi
oetawi oepamilo; ladjeng kagoengan
tindak kirang saé, oepami sami nilar
piwoelang Agami Katholiek, boten
moertat lo, nanging awonipoen
ngoengkoeli ingkang moertat. Oe-
pami tindak dateng Grédja namoeng
perloe padas sawangan, nanging
ingkang mawi mripat, lan mawi
rasoekan idjem, sanés retja nanging
saged ngendika poenika; malah-ma-
lah dipointambahi ngadak laré
abangan, namoeng preloe kaadjak
kados makaten waoe. Mawi dipoen-
wedjang: „Mengko jén ana ngGrédja,
jén akoe djéngkéng ija miloea djéng-
kéng. Jén akoe gawé kaja ngéne
(tanda Salib) kowé ija nirokna baé.”
Wah sadérèk kados poenipa awon-
ipoen poenika sadérèk? Laré abangan
waoe nama kawewahan awonipoen;
mangka gèk laré waoe sampoen
naté remen dateng Agami Kath.;
mestinipoen sapoenia ladjeng ngo-
lok-olok, menawi Agami Kath. poe-
nika awon. Mangka ingkang awon
sanés Agaminipoen, nanging tijang-
ipoen. Kadjawi poenika moeroegakan
pisahing sasedérèkan. Amargi . . .
(kaisénana pijambak!) Sarta malih,
oepami ingkang atindak awon waoe
sadérèk wedalan A. B. katala, ladjeng
dipoensepélèkken mawi temboeng.
“O mèmpér, wong weton sekolah
A. B. arep Katholieka kaé wong
weton kono ta, ja mèmpér.” Poenipa
poenika boten asoeraos manawi
sadaja-sadaja laré wedalan A. B.
awon sadaja oetawi ratjakipoen
awon? Rak kodjoer ta sadérèk. A-
wonipoen boten namoeng kasanggi
pijambak, nanging oegi dateng tijang

Primala atoer koela ingkang saé
oetawi bakoe ingkang a. Nanging
ingkang b. inggih kedah oetami,
soepados koentaria, aroem namani-
nen sadaja-sadaja saé. Moegi ka-
galih: oepami i koela waoe. Na-
nging poenika namoeng oepami lo!
Manawi wonten lepating oepami
koela waoe sampoen kirang pang-
poentenipoen para sadérèk eném
sepoh sadaja. Koela poen:

Andeng-andeng ing tengahing pipi
kiwa: Soenardja.

KOEROE SÉTRA KATRANGAN SAKING SOLO.

La, rak makaten ta sad. Treng-
gana; soewawi sami gandeng koentja,
gèndeng tjenèng tijang kalih. Sanés-
ipoen namoeng badé andjintel ké-

Toelatingsexamen JONGENS-NORMAAL-
SCHOOL Ambarawa tanggal 19 lan 20 Mei.
Sabé sekolah katah - katahipoen na-
moeng koela atoeri ngintoenaken moerid 6.

Dir. Normaalschool
A. DE KUYPER.

REGINIOOPEN LENGGANAN
SWARA TAMA

1 taoen	f 6,—	} njoewoen kabajar
1/2 "	f 3,—	
3 woelan	f 1,50	

Adresipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

nistrateur i.p. margi Sw.Tm. dipoen-
agengaken. Poenapa namoeng poe-
nika tok sebabipoen? Sebab-sebab
sanés taksih wonten. La, poenapa
poenika?

Tjekakipoen kedah ngertos tjeta
lan terang; samangsa sampoen
gamblang, ladjeng ngréka daja toe-
win nalesihaken, poenapa saged
nindakaken kirang bezuining. Uitgaven
ingkang sakinten perloe sa-
net dipoenboetjal oetawi dipoen-
elangi. Oepami: doemoegi sepriki
para lengganan tansah dipoenkin-
toeni postwessel tagihan mawi enve-
loppe; poenapa wissel waoe boten
saged kalampiraken ing koran? La
jén saged katindakaken, poenika
sampoen ngirit dasaan roepijah,
jén boten atoesan. Poenika namoeng
uitgave satoenggal; déné uitgaven
sanés poenika poenapa oetawi
poendi, koela boten ngertos; soe-
mangga dipoensetitèkaken sarana
njoewoen priksa dateng rama admi-
nistrateur rak pareng kémawon.
Inggih ta rama? ”

Atoer koela ing nggingil poenika
soemangga; boten wonten awonipoen
manawi katjobi. Tjekaking rembag
sadaja-sadaja poenika kedah katle-
sihaken sadérèngipoen moendoet
poetoesan. (Saged oegi wonten ing-
kang ngandika: wis ditaliesihaké
kabéh, kowé weroeh apa? Koela
boten mangsoeli débatan koela pi-
jambak; nanging namoeng badé
njenjadang saking sanés; mangké
temtoe koela tjaosi wangsoelan).

Sadérèk Trenggana poenika warga
K. W. ing Solo; dados bokmanawi
tjelak (anggén koela matoer bok-
manawi poenika, sebab dèrèng tem-
toe jén tjelak, awit dalem ing Wan-
giri, éwadéné meksa saged dados
warga K. W. ing Solo; kòk andjoe-
waréhi koela inggih?) kalijan poe-
sering K. W. - K. W. alias P. K. W.
dados inggih saged langkoeng actief
njaosi rembag katimbang koela.
Saking pangadjeng - adjeng koela,
sageda tijang Katholiek Djawi les-
tantoon anggadahi koran Katholiek
Djawi.

Déné manawi sampoen ichtijar
temen - temen, sampoen ngoepados
réka-daja mawarni-warni, teka boten
saged sajektos, inggih kados-poendi
malih. Anangking kita jakin, manawi
nijat temtoe badé kijat. Wasana
soemangga.

Penonton.

1) Sapoenika sampoen toemindak tigang
woelan, administrateur dèrèng ngoetjoei
kantong saldo. Abonné katala ingkang sami
netepi kawadibipaino. Soemangga, ingkang
dèrèng enggala noetoeti. Adm.

2) Sawantji-wantji kenging kémawon: poe-
naga bestuur pijambak, poenapa oetoesan;
saka hita ngadjeng-adjeng rawoehipon ve-
rifacation - commissie ingkang sampoen ka-
tetepaken nalika congres 16-3-'30. Adm.

MULO KATHOLIEK ING JOGJAKARTA LAN ING SOERAKARTA.

- Para moerid ingkang badé nglebeti Voorklas oetawi Klas I
moeigi sami njaosana priksa doemateng Diréktoring pamoe-
langan waoe. Kanggé ing Soerakarta adresipoen:
BROEDERAN KOESOEMAJOEDAN;
kanggé ing Jogjakarta KAMPEMENTSTRAAT 17.
- Mengkah moerid ingkang katampi:
a. kedah mbekta oetawi ngintoenaken verklaring saking
pangagenging pamoelanganipoen.
b. adresipoen ingkang tjeta.
c. panampinipoen moerid doemoegi tanggal 1 Juli.
- Déné laré ingkang boten gadah verklaring badé dipoen-
éksamen: kanggé ing Soerakarta, eksamenipoen bêndjing
tanggal 1 lan 2 Mei wonten ing pamoelangan Mulo ing
lodji ingkang poengkasan ACHTERSTRAAT; kanggé ing
Jogjakarta bêndjing tanggal 28 lan 29 April wonten ing pa-
moelangan Mulo KAMPEMENTSTRAAT.
- Kanggé ing Soerakarta, sadérèngipoen tanggal 30 April
sasampoena njaosi priksa doemateng adrës kaseboet nginggil;
kanggé ing Jogjakarta sadérèngipoen tanggal 27 April.
- Bab bajaran sekolah mitoeroet pranatan Goepermèn.
Ing pamoelangan R. K. Mulo poenika dipoenwonteni woel-
langan basa Engelsch, Fransch, Duitsch, Mladjeng
lan gymnastiek.
- Déné woelangan Agami bofen dipoenwadjibaken.
- Wiwit tanggal 1 Juli R. K. Mulo ing Soerakarta, pindah
wonten ing tilas „Hôtél Döhne,” satjelakipoen Goepernoeran.

SECRETARIS CANISIUSSTICHTING.

SAKING PAKEMPALAN.

Verslag W. K. afd. Soerakarta.
8-4-'30
Manggèn ing Kath. Europ. School
Koesoemajoedan.

Karawoehan Bestuur lan warga—
G. A. rama H. Koch — lan wakil
C. C. Solo.—

Kirang langkoeng djam 5.30 ver-
gadering kabikak déning pangarsa
kanti soesila Kath. Ing saladjengi-
poen ngrembag:

a. Notulen — afsah!

Gandèng lan oengeling Notulen
lami, njeboetaken bilih W.K. mang-
galih bab C. C. minangka kanggé
nglegani pamoendoetipoen bestuur
P. P. I. I. soepados W.K. afd. Solo
sok njerata wonten ing "Isteri." La-
djeng ndapoek bebadan kadadosan
saking Mevr. J. Poerwaatmadja lan
Mej. Th. Soealbirah.

b. Verslag Congres P. W. K. —
Sasampoening karembag ladjeng
wonten poetoesan bilih W. K. Solo
toemoet manoenggil wonten ing
P. W. K.

c. Voorstel Statuten P. W. K. —
poetoesaning parepatan kapasraha-
ken dateng pangrèh— lan pangrèh ing-
kang sampoening ngrembag — rembag
kalijan rama G. A. moefakat ran-
tangan P. W. K.

d. Voorstel jén parepatan wonten
ing grijaning warga — katampi.

e. Pitakénan!!

Bab prekawis "Maria Congregatie" afd. Wanitho— Pangrèh ba-
dé „bekerdja dengan keras" gega-
joetan kalijan angéling oeroesan i.p.
Rama Directeur karsa ngasta jén
apes wonten warga 30 lan sami
sregep netepi koewadijbaning poetra
„Maria Congregatie."

f. Rembagipoen pangarsa C. C.
Solo— ngatoeraken genging panoe-
woen, déné W. K. karsa migatosaken
C.C. K.W. — P.P.K.D. — mra-
tandani bilih W. K. ngertos dateng
„de geest des tijds" lan njirjosaken
sepinten genging ginanipoen kita dje-
mangkah wonten ing „Journalistiek
terrein" kinantén ngatoeraken „eere
saluut" dateng C.C. W. K. ingkang
nembé lair, saha njoewoen moegi
sampoening ngantos nilar „pers" kita.

g. Pangarsa W. K. moendoet pri-
sa poenapa C.C. K.W. — P.P.K.D. —
saged samenwerking lan C.C.W.K. —
Bab poenika kaatooran wangsoelan
kanti mongkoking manah „ Sagah
mawi sanget."

Kirang langkoeng djam 7.30 ka-
toeop kanti padatan Katholieke. —

Verslaggever C. C. Solo

A. J. S.

Naschrift.

Nitik geest ing salebeting pakempalan waoe
ketinggalan bilih „Christelijk Solidarisch" sam-
poen mlebet ing sanoebarining kadang Kath.
wanita. — Ingkang makaten waoe, mila ke-
dah sampoening samestipoon. — Kadang Kath.
wanita „bergeraklah oentoek menolong bang-
samoe jang mastik ada dalam kegelapan."

R. K. Padvinderij

„De Morgenster."

Kala tanggal 9-4-'30 pakempalan

kasboet nginggil ngwontenaken pe-
panggihan wonten ing Pastoeran, ka-
toentoen Rama Almozenier H. Koch
S. J.; ngrembag prakawis H.R.K.P.B.
jasan Javaansche Heeren Cengregat-
tie; toewin ngrembag prakawis sa-
nés-sanésipoen malih, poenapa déné
mangandikaken panggalihaniipoen
Swargi rama Pastoer Van Lith lan
Padvinderij. Tjekakipoen Padvinderij
makaten sanjata „de school der ka-
raktervorming."

C. C. Solo

H.

Sarasejanipoen para Goeroe
sekolah doesoen missie ing Blitar,
tg. 12 April 1930, djam 7 sotenten—10.

Ingkang rawoeh 16; ingkang 3
goeroe H. I. S. Joh. Gabr., toewin
padoeka Rama Pastoer. Leiderpoen
sad. A. S. Martasoedarma. Menggah
ingkang karembag: adjenging sak-
lahan doesoen kagoenganipoen Mis-
sie ing Blitar.

Kedjawi poenika ngrembag moerih
Leerplan, Rooster lan Staat - staat
uniform, tegesipoen soepados sadaja
waoe sami sadaja toemraping sekolah
Missie.

Déné ingkang dados rembag ramé,
i. p. oesoel ngwontenaken „Cursus
goeroe doesoen." Ingkang karembag
inggih poenika: laré ingkang poendi
ingkang katampi ing cursus: Kath.
poenapa sanés. Ingkang dipoenkoek-
watosaken sad. M.S. Brotosoedirdjo
bokbilah laré ingkang déréng Kath.,
ngantos medal déréng poeroen aga-
mi; kang mangka missie boten kersa
benoem goeroe ingkang sanés Kath.
Déné manawi badé mendet laré Kath.
boten wonten. Rembag poenika waoe
ngantos dangoe.

Tjekaking rembag badé oesoel dat-
eng Missie, ngwontenaken cursus wa-
oe nganggé woelangan agami. Déné
sanésipoen badé kapasrahakan Missie.
Rembag ingkang prelokoela serat
ing riki i. p. bab gesang Kath. Kita
sadaja dipointetangi moerih gesang
ingkang saé, sampoening ngantos dados
tjatjadring tijang sanés.

Kateranganipoen sad. Brotosoe-
dirdjo pandjang lebar. Déné bab Huis-
bezoek, poenika kaadjengna ingkang
sangat.

Watasis djam 10 daloe saraséjan
katoeop kanti wilodjeng.

Gandèng kalijan pakabarán ing
Sw. Tm. No. 15 tg. 11 April 1930.
Missie boten mbikak 3, nangging se-
kolahan doesoen 4, i. p. Gemengde
Volksschool 2, Meisjes Volksschool
2. Moeridipoen maremakeun sadaja,
i.p. Toeri (gemengde Volkssch.) 96.
Soekerdja (gemengde Volkssch.) 82.
Kepandjén Kidoel (m. Volkssch.) 58.
Bendarit (m. Volkssch.) 43.

Kadjawi poenika Missie inggih
badé mbikak malih wonten ing satje-
lakipoen Wlingi lan ing satjelaking
Panataran. Manawi saestoe bêndjing
woelen Mei.

Moegi-moegi sadaja waoe sageada
soeboer.

N. N.

koran Djawi, nangging koran Mlajoe,
Walandi oegi betah, awit ngéneti
djamanipoen. Tjekakipoen kita Kath.
sasaged - saged kedah djadjah bab
kawroeh, sarana ngebon koran war-
ni-warni, boten mawang basa, sok
oegi saged lan ngertos. Langkoeng-
langkoeng dateng koran Kath.

La kok saweg wonten kalih kér-
mawon, ingkang setoenggal dipoen-
lelewani, doeméh Mlajoe! Mangka
poenika anggénipoen mentas pijam-
bak waoe (S. K.) margi roemaos
betah, ngiras adjar bawa pijambak,
ngraketaken sadérék Kath. sa-Indija,
ngagengaken raos kebangsaan . . .
wasana saged kakajoe kabetahan
kita ing bêndjing jén estoe Zelf-be-
stuur. Poenapa malih éngéti lo!

Sw. Tama — Sociaal.
Sw. Kath. — Politiek.

Mila sadérék, mangga Sw. Tm. lan
S. K. kawaosa sedaja, jén namoeng
rekaos pambajariopoan sakedik kér-
mawon rak boten dados poenapa,
ngiras ngertos dateng jejasan kita
pijambak.

Wasana njoewoen ngapoenten.
Papan toelis 12-4-30.

poen
A. Idap.

SERAT KINTOENAN.

Wedaring pangoeda raos.

Manawi koela amanah - manah, kawonten-
ning gerakan djamian 25 taohanien sapriki,
kados-poendi menggah tandang lan tradjäng-
ipoen para pandekaring kamadjeng, ang-
génipoen sami ngempalaken kekijatan, mi-
ngangka teteken moerih gampil saé Énggal-
poen doemégi ing don ingkang sinédja:
langkoeng-langkoeng para babanténg barabara
saking ngatas-angin, pantes sangat ingalem-
bana. Kosok wangsoeliopoen golongan lawan
ingkang betahipoen tjengkah kalijan kapar-
loeaning tijang siti, pandoewaniopoen inggih
angéda-édbi. Mawi tjara oetawi tandoek
kasar, madya oetawa aloe, waah . . .
sampoena tali ! Saking aloesipoen ngantos
wonten sawenéhing golongan kita ingkang
paningalipoen soelap, keblerengen kedajan

mantjoering tjahja ingkang goemebjar agilar-
gilar nelahi djagad, nginten: malah nganggep
bilang sapi rowang poenika mitra darma
sajekti.

Mitoeroet serat-srat sadjarah, wiwit ta-
hoen, 1600-san langkoeng, hengga doemégi
titining dinten poenika, saja mloroteng é-
konominipoen bangsa pribumi, ndjalari tem-
porat kita. Poenika sampoen boten kenging
dipoensélaiki. Sinten ta ingkang kadijah ndan-
dosi karisan poenika? Inggih kita pijam-
bak!! Djandji kita poeroen kémawon, boten
sakedik para intelect ingkang poeroen dipoen-
tedan toentoenan. Amargi mitoeroet kija-
kinan koela, manawi kita namoeng tansah
mbetahen toentoenan sanés, boten poe-
roen pitados dateng kekijataning badan pi-
jambak, kasembandan sedja kita inggih
tangéh lamoen.

Ing parepatan-parepatan, oetawi persoeni-
pon sadérék! Katoeik manawi pinoedjoe dja-
djagongan, kala mangga arsing kepiring tem-
boeng: „Pakempalan Kath boten dipoenadjéni
dénig sanés" malah latjeting dipoenadjéni
sipat dados pandawa njeplékaken: saking
pamanggih koela keplantringan panginten
waoe bokmanawi salebeting sanoebari sam-
poen ketoewohan raos kirang saé. Titikan
karsa premati (ning panginten lo!) déné
taksih kataba para sadérék ingkang déréng
karsa mboektékaken simpatinipoen. Mitoeroet
wedaring pangoedaraos ing nginggil poenika,
kados sampoen radi ngémpéri manawi adji
oetawi boten kadijén (katingal) kita, inggih
saking Kawontenan kita pijambak. Manawi
badan pijambak sampoen gadah pangadji,
tegesipoen poeroen angaosi sasami, boten
oesah dipoenadjeng-adjeng mesti badé inga-
sanen ing sanés: Ing temboengipoen Maladjeng
„kaloehoeran kita lantaran meloehoeran se-
sama."

Konggrès P. K. W. kala tanggal 15 doe-
moegi 16-3-1930 kapenker, manawi mito-
eroet kepentinganipoen pantjenipoen parepatan
warga: ananging sareng nitik woedjoedipoen
teka sadjak dados openbar. Ing mangka oe-
pami openbare, kok boten wonten wakil
saking ndjawi satoenggal-toenggala; mangka
kita Ngajodja poenika kados inggih wonten
pakempalan-pakempalan sosial, pakempalan
tebing dipolitik. Éé anoe ta! anggih koela
ngraosi pakempalan poelitik, déné P. P. K. D. ketingal ngatjogéng: ing
mangka oe pami boten dipoenolemi, nalar-
poen boten mantoek, samanten oegei person
saking ndjawi (penonton) oegei sepen. Éwa-
samanten saged oegei kaanggep parepatan
Combinatie, nangging namoeng binasainipoen
salebeting kalangan Katoeik kémawon. Ma-
nawi tatananing pangrèh P.K.W. namoeng
tansah makaten kémawon, diwasanipoen
kita kaseboot badé kedangon te-
baning polataniopoen boten saged saja oetawi
tambah djembar, malah saged oegei gagajutan
ingkang déréng, mél, oetawi sampoen nama
ketjepeng, onja saking tanan. Tjiba koela

Dados, kaléntoening pamawas-
ipoen serat-serat kabar waoe, margi
gorohipoen serat kabar petak. Da-
dos serat kabar petak, ingkang ke-
dosan kalijan journalistik, kedsosan
oegei kalijan tijang katah. Manawi
kapandjangan malih, oenderaning
lepat wonten directeur ingkang toe-
mindak groesa-groesoe, ladjeng kér-
mawon agé-agé tilpoen resident.
— Lepating diréktör poenika,
dipoenimbeti malih lepatipoen resi-
dent ingkang ladjeng goegon - goe-
gonen tjrijos - tjrijos lan élík - élík
dateng sinten kémawon ingkang pi-
nanggih, toer mawi dipoenboemboni
barang!

Sanadyan oenderaning lepat won-
ten prijantone kakalih ing nginggil,
éwadéné pers petak inggih meksa
kedosan. Awit, ingkang mratahaken
pawartos waoe, wiwitinanipoen serat
kabar petak.

Ing djaman gawat poenika, teti-
jang Walandi katah ingkang kamili-
gan dateng politiek. Tijang ngriki
ngateng sepedik kémawon, sam-
poen dipointejap politiek. Pangraos-
ipoen ing sapoeroeg tansah kaetoet-
aken momok politiek! Moerid éstri
ing Huishoudsch. Ngajogja ngriki
mentas kémawon wonten ingkang
lalajanan kalijan poelisi, margi pan-
dameling goerohipoene. Moerid
waoe gadah potrétoe gelan. Sareng
dipointingali goerohipoene, poen
goeroe moering, teres tilpoen da-
teng poelisi. Awit, roemaosipoen
gambar waoe gambaring bangsa-
nipoen, lan kaanggep: merendah-
kan, beleediging! Sareng kaoeroes,
poelisi saged mangertos, gambar
waoe djeboel gambaripoen tijang
ngendat kala taoen kapengker won-
ten margi trém S. J. S. ing Djoe-
wana, ingkang sirahipoen ladjeng
pisah kalijan gembong.

Dados anggénipoen diréktör

gégére wong ngojak matjan ketjandak, dén-
wadahi boemboen. Inggih poenika oeging
persatoean. Kadosta: pakempalan Goeröe sam-
poen manoenjig dodos verbond P. G. H. B.,
pakempalan - pakempalan Pandoe ingkang
adedasar kabangsas: Pandoe Kabangsas (roe-
mijn) J. P. K. I. P. O., kalianj P. P. S.,
sampoen moesna sami mandjanna dodos K.B.I.
(Kepandéan Bangsa Indonesia).

Jong-Java, Pemoeda Indonesia, sami Moeg-
bijoe dateng kalangan Indonesia, kalan
dalasan pakempalanipoen para poetri boten
poeroen kanton. Malah énggal mangké
koela angsal pameiring bilih para pakempalan
toenggil damel ingkang sampoen maramb-
rambhang manoenjig tansah bibar djalaran
kénging daorebeksining mengsa, sapoenuka
atali wanda malih mingkis lengenan.

Langkoeng-langkoeng ing kalanganipoen
kaoe sepeoh ingkang kala semanten tansah
sami sikoet - sikoetan, sapoenuka sam-
poen tatabikan manoenjig dodos badaban
satoenggal adjoedjoeloek „Pé tiga Ki": saged
ngawontenken nasionale bang, fonds na-
sional, gregotoipoen kados nggondjingga ka-
hjangan Djonggring-Salaka. Wosipoen ing
wekdal poenika raos kabangsas sampoen
moebal makant - kantari: sadaja poenika
manawi mila sampoen georganiseerd sajektos,
mangka gék saoepami salebeting kalangan
kita namoeng tansah pating glenggeng ang-
génipoen oendjoek-cendjoek setroep, kainan
toemoe tineplukan ing lijan. Amargi limrahipoen
tijang ketaman pangalem poenika limrahipoen
angler pating tretje. Éwasamanten
manawi poen katanan waoe ladjeng
roemaos prihatos déning déréng
angroemaoasi gadah labalatan ingkang pantas
ingalembara, ladjeng tjanjoet sarosa ngetog
kekijatanipoen kanggé perloening katah, koe-
la mangjoe bagja sanget: inggih poenika
diedjering satirjadi trahing Sabtarengga.

Toetoeping karangan poenika koela na-
moeng saged ndérék moemoedi, moegi para
panoentoening kamadjeng Katholieke sami
anetepana koewadibjianpoen pijambak-pijambak.
Wedaring dawoe wangsaneipoen
padoeda prof. J.V.R. atas pitakéniopoent oetoe-
san K.W. sagel Solo, zie Sw. T. no. 12,
manawi dipointindakan saestoe, we la
boten baën-baën: saweg bibliothek kémawon
mlempek, minggah satataran bab damel
pameolang, nitik rembag ing konggrès P.
P. K. D. énggal mangké, kadjawi pang Med-
ari kalijan Madioen, sadjak sami
wegah. Éwasamanten sakondoroepan ase-
wang-séwangan saged oegei wonten ing dalem
teoweh grongseng panggalng ngelenggah
paribasan: „Pindang loelang katjek apa".

Soemanga para sadérék, barisan kiwa-
tengen kita sampoen ndjirap arangah pinda-
borang boten perlo adjir damel parepatan
bar-baran. Noewoen - noewoen, kadjen lan
ketinggal kita ing kalangan sanés, namoeng
goemanteng wonten pandamel kita pribadi.

INDONESIA RAJA LAN WILHELMUS

ING

OERAP-SARI

KABAR KATHOLIEK.

Pangandika dalem I. S. Kg. S. Rama dateng Vastenpredikers.

Sasakit kalih warni ing djaman sapoenika.

Kala para Vastenpredikers sowan audiéntie sami dipoenpangandikani katah-katah bab wadjibing prediker sarta bab mangrasoel-krida. Pangandika dalem waoe ingkang bakoe!

1e. Bab ndléjanipoen tijang sepoeh babagan wadjib ngreksa anak-anakipoen djaler lan éstri ingkang sampaen diwasa ingkang ladjeng toemindak sakadéng - kadéngipoen. Djaman sapoenika anggadahi panganggep bapa bijoeng sampaen boten gadah wewenang ngoelataken tindaking djedjaka lan prawan-prawanipoen. Kawoesananipoen, ladjeng itjal pengadji-adjinipoen dateng tijang sepoeh.

2e. Bab babaja toemrap para aném, doemoenoeng wonten boekoe-boekoe saroe. Boekoe-boekoe saroe poenika waoe boten namoeng moerang tata dateng Pangéran, oegi dateng kodrating manoengsa.

Sampéjan dalem maosaken cataloges boekoe - boekoe saking golongan fascisten, ing ngrikoe pinanggih wonten boekoe ingkang sanget boten dados renaning panggalih. Éwadéné oemoemipoen, boekoe-boekoe wedalan fascisten waoe sami maédhá kangé para moeda.

Kongregasi Riten.

Tjabangipoen kongregasi Riten sapoenika, saking karsa dalem I.S. Kg. S. Rama dipoenwewahi satoenggal malih, golongan Babad.

Ingkang winisoeda dados general-rector nomer satoenggal, pandjene-ganipoen pastoer Henri Quentin.

Darma kaggé Missie.

Ing Roem wonten panitya saking golongan pabrik lan dagang, sedya-nipoen badé njaosi barang - barang dateng ngarsa dalem ingkang sa-kinten migoenani kaggé betahing Missie, oep. kémawon ingkang moerakbi kaggé sakolahan-sakolahan, apoteek, kamar bolah, oegi bab kagoenan — jajasan (bouwkunst) ingkang toemrap sawenéhing mis-

sionaris perloe kedah saged nin-dakken.

Panitya waoe dipoenpangarsani tilas minister Openbare werken toe-wan Cavazzoni, ingkang ladjeng njebab wara - wara dateng sadaja pabrik - pabrik lan toko - toko ing satanah Itali.

Missie Palembang 5 taoen.

Tanggal 12 April poenika Missie Palembang mèngeti 5 taoenipoen. Pastoer ingkang ngrawoehi Palembang roemijn pijambak pandjene-ghanipoen pastoer van Oort golongan imam Tyas Dalem, i.p. kala 9 October '24. Kala semanten manawi ngoendjoekaken Mis Soetji taksh manggén wonten papan vergadering landradan. (Raadhuis). Bandanipoen namoeng awoedjoed: bangkoe Komini, koersi kaggé sembahjang, gambar kalih lan baoed. Pastoer v. Oort anggénipoen dedalem wonten hotel Moesi.

Wiwit taoen 1926, Missie ngrikoe menggalih prakawis onderwijs. Sa-kawit ngawontenaken H.C.S. na-ning boten dados; ladjeng ngede-aken H.I.S. Prakawis kasarasan oegi kapanggalih. Kala Sept. '26 Missie ing ngrikoe nglijer hospitaal partikelir.

Taoen 1927, Palembang saged ngedegaken K.S.B. lan ngedalaken serat kabar minggon anama Katholieke Leven.

Tanggal 13 Aug. 1929 Missie ngrikoe saged ngintoenaen tjalon-imam ingkang sapiasan dateng seminarie-alit ing Menado.

Ing Palembang gadah Pastoer 3, Broeder 1, lan Zuster 14. Tjatjahing tijang Katholieke wonten 938.

Sekolahaniopoen 5, moeridipoen 325. Kedjawi poenika gadah internaat kaggé laré éstri bangsa Éropa, lan laré djaler bangsa Priboemi.

Katholieke ing Schotland.

Tjatjahing djiwanipoen tijang Kath. ing Schotland goenggoeng kempal sampaen wonten 600.000.

Tjatjahing Imam: 662; tjatjahing Missionaris saking ngrikoe 268. Tjatjahing Grédja 455, sakolahan-sakolahan 227.

6e.: kawontenan ing sakolahan waoe, saé, lalajananiopoen goeroe kalijan moerid inggih soa - saé kémawon. 7e.: kasoemerepan para siswa Mosviba ingkang katah-katah sami gadah raos kabangsan ingkang saé, rahajoe. Nanging wonten ingkang kerep sanget sandja ing grijaniopoen golongan kabangsan, kadosa pangarsa B. O. Madijoen. Inggih leres pangarsa B. O. poenika waoe tradjangipoen mawi doegi-doegi lan watasis, nanging adinipoen atrajang méräh. Kadjawi daja poenika, inggih kedajan saking moerid-moerid sakolahan sanés. Mila siswa Mosviba Madijoen waoe sapérangan alit inggih wonten ingkang ngandoet gagasan extremistisch. 8e. Dados kedjawi moerid sawatawis, ingkang djenggoel - djenggoelipoen ladjeng kakésahaken poenika, kawontenaniopoen siswa ngrikoe saé kémawon, boten perloe kacoewatosaken.

Arta darma kaggé kasangsaran bandjur ing Parangakik.

Klempakipoen arta darma saking ngrikoi ingkang tinampi, kongsel-djéndral Parangakik tw. Bodard kaggé kasangsaran bandjur ing Parangakik wonten f 17.065.95.

Prakawis badé medjahi nonah Poppie Bekker.

Manoet tjarijospoent Aneta, Karim bin Abdellah saking Makasar, angkeni manawi ingkang misakit nonah Beckering badé kaangkah pedjah-ipoen, poenika pijambakipoen.

Mendor dipoenpedjahi koeli.

Sum. Post. njarijospoent mentas wonten koeli 4 ing onderneining Kwala Krapok nandangi mandor-ipoen, ngantos soekoenipoen sempal, njawaniopoent ontjat, adoes rah. Koeli 4 waoe dipointjepeng. Kawertosaken ingkang dados sababipoen margi poen mendor nandoekaken patrap boten saé dateng koeli-koeli waoe.

Hoofdacte.

Directeur Onderwijs & Eeredienst, anetepaken cursus oemoem kaggé hoofdacte taoen ngadjeng poenika, panipipoen tjalon wonten Bandoeng.

Éwah-éwahan ing H.I.S.

Wonten kabar, ing H.I.S. prov. Djawi Tengah badé wonten wéhan'20 taemindak woelen Djoeli ngadjeng poenika. Toemrap moerid - moerid klas 6 lan 7 pasinaon basa boemi badé kadowahaken wantji sonten. Déné woelangan basa boemi ingkang sapoenika dawah éndjing badé kagantos woelangan basa Walandi.

Anggénipoen kaéwahan makaten poenika, soepados basanipoen Walandi laré-laré H. I. S. saged langkoeng inggil. Wedalan H. I. S. sa-poenika poenika kapenggalih taksh kital tjarra Wlandinipoen (*Bahagaia*).

Tijang sadé djamat dipointjepeng.

Ing Tandoengpoera mentas wonten tijang Djawi sadé djamat-kadig-dajan dipointjepeng.

Kabesmén ageng.

Kala Ngahad 13-4-'30 djam 11.30 sijang, goedang kopra gadahaniipoen pabrik lisah Archa sawingking gedong Justitie Betawi, kabesmén. Kopra ingkang wonten goedang waoe 2000 pikoel. Tegesipoen kapi-toen f 25.000, poenika dérèng kital tijang risaking goedang lss.

Djwa énggal ing Digoel.

Sadérék Marsoedi (tilas klerk S. S. Soerabaya), Goenjarda alias Hardjasepoetra (tilas krani Madoera Stoomtr. My), Ahjadiredja alias Ahjasoepardi (asli Bandoeng, tilas kondétoer S. S.), toewin radèn

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

KASOESILAN ING DJAGAD KATHOLIEK.

PANGANGGÉNING WANITA.

(*Golongan Wanita, Tijang Sepoeh, lan Goeroe, kaatoeran migatosaken.*)

Sw. T. 11 April njarijospoent da-woeh saking Rome agentjengi soesilaning panganggénipoen wanita.

Dawoeh waoe wonten 12 bab, ringkesaning soeraoipoen makaten:

1e. Loewih-loewih para Pastoer koedoe ora kendat mitoetoeri wanita manawa njandang-menganggo koedoe sing soesila. Samono oega Wong-Wong toewa ija adja kendat digrétehi menging anaké wadon manganggo sing ora pantes. 2e. Wong toewa koedoe ngelingi baoening koewa-djibaneé nggela - wentah anak prakara Agama lan kasoesilan. Moela wiwit tijlik moela, anaké wadon koedoe pinardi woe-lang - réh Katholieke. Karesnané marang kamoersidan, kasoesilan, koedoe ketatangi sarana temboeng lan toelada. Kedjaba koewi koedoe njoedarsana Brajt Soetji: rarakitaning omahé bisaan nenarit atiné sapo baé sing mrono tresna lan nglakoni ngibadah. 3. Wong - Wong toewa koedoe ngedohaké anak-anaké wadon saka oleah raga lan wedstrijd sing blak-blakan. Déné jén ana kepeksané meloe, ija koedoe di-djaga soepaja menganggo sing patrap. 4. Para panggedéning college wadon lan goeroe-goeroe wadon ing sakolahan wadon koedoe nggegoelang moeridé nresnani kasoesilan, menganggo sing trapsila. 5e. Moerid-moerid wadon lan oega bijoengé kang menganggo ora soesila, koedoe ora kena mleoe sing sekolah lan college, oet. diwetokaké: kedadjaan bandjoer gelém ngowahi. 6e. Para Zusters (Religiezen) ora kapareng nglebokaké botjan wadon sing menganggo ora pantes ana ing sekolahán, college, kapél apadéne kamar² dolan. Moerid-moerid wadon koedoe di-penging menganggo sing ora ngristeni. Panggoela-wentahé prakara isin toemrap patrap moerang kasoesilan koedoe sing temenan, bisaan toemanem djero ana ing atiné botjah - botjah. 7e. Koedoe di-ninghtjari ananing pakoeempoelan - pa-koeempoelan - soetji toemrap golongan wanita kandungé nanggoelang panganggong wanita sing ora ngristeni, apadéne ngadjokaké kasoesilan lan panganggo sing pantes. 8e. Pakoeempoelan wadon iki maoe ora pareng nampani warga sing panganggongé ora soesila. Déné jén ing besoek ana wargané sing manganggongé ora patoet, wis diélikaké mangka isih nadura, koedoe bandjoer diwetokaké. 9e. Botjah-botjah wadon lan Wong-Wong wadon sing menganggo ora soesila, ora kapareng nampani Sakramén Mahat Soetji: ora kalilan dadi Emban-Baptis lan Emban-Sakramén-Kasantsan. Malah jén ana perloené, mleoe Greja baé, koedoe ora pareng. 10. Adja anglirwakaké dina-dina gedé kang mateo kanggo nglebokaké wewarah kasoesilan-Katholieke. Loewih² manawa mbeneri riaja Dalem Dwi Mariyah, para Pastoer kang dadi toetowéan pakoeempoelan - wadon kaseboet ing doewoer, adja pada lali ninghtjari para wanita menganggo sing soesila. Ing dina riaja Dwi Mariyah pi-neroer Soetji, sawisé winarah, ing saben Greja ana sembahyang milig kanggo njoenjoewenaké soesilaning panganggo-né wanita. 11e. Raad Kabiskopan (-Dioce-sane Raad van Waakzaamheid-) pendak taoen nganaknaa moesawarat aningremboeg tjarra lan ichitjar-ichitjar sing mateo déwe kanggo ngadjokaké kasoe-silaning wanita. 12e. Pendak teloeng taoen, Biskop - Biskop lan Panggedé Ijane koedoe ngladékké palaporoer sing mage-pokan karo panganggongé wanita marang H. Congregatie v. het Concilie, bareng-bareng karo palaporoer prakara Agama.

Para sadérék! Kala malem Setoe 11/12 April poenika, Patjar Mérah omong - omongan kalijan pengageng toko bangsa Walandi. Walandi wa-oé tanpa Agami. Kelantoer-lantoering tijang omong-omongan, dangoe-dangoe nggepok panganggénipoen wanita Éropa! Toewan pangagenging toko waoe tjiros: „Mijnheer, bo-tjah djaman saiki iki, wiiliis ta, oe-moer 8 taoen baé wis ngerti ana-ni, tétèk - bengèk, kerlip - kerlipan! Béda karo dèl djamankoe! Sinjo oemoer 16 taoen doeroeng denger barang-barang! — Apa sababé toe-wan? — Sab, tjah saiki iki saben dina njipati kaanan sing ora pantes! Saben djam weroeh rok-tjekek-ndoewe-nger-dengkoel; weroeh gambar reclame bioscoop saree-sareo! — O, ngono dadi! — Ing batas, koela ke-leresan sanget. Saged pikantoek pa-seksén wisanipoen moderne kleeding saking golongan ngriku pijam-bak toer tanpa Agami.

Pantjén! Gagraging panganggénipoen wanita Kilénan djaman sapoenika, saéstoe nggeempal kasoesilan. Saged noewohaken tjeukoefting gagasan warni-warni. Saged nggaraken panembah; ngrégoni ening-gagasan; ngegreg - egregi loehoer pangesté; nggegaroehi tijang manoengkoe poedja! Panganggé ga-grag „alasan“ poenika noewohaken swasana ingkang misani kasoesilaning para moeda! Mila inggih sampon leseripoen, Pasamoewan Katholieke kentjeng sanget anggénipoen nanggoelang prakawis poenika.

Maos dawoeh ing nginggil, koela ladjeng kénégetan nagari Itali, tanah doeoenging kadamatonipoen Wakil Dalem, inggih kradjanipoen sang misoewoer ing djagad Mussolini! Negari poenika, sadérék, sanget anggénipoen ngreksa kasoesilaning ka-waelanipoen. Saking pamawas koela, boten wonten nagari ing Éropa ingkang pangreksaipoen dateng kasoesilan, dateng angger-anger VI, kados nagari Itali. Ing nagarinipoen fascisten poenika, panganggénipoen wanita kedah: a. Boten kénging kesingseten, metinting-metinting, ke-semrawangen! Lengenan kedah doe-moegi oegel-oegel. b. Rokipoen la-ré éstri kedah doetoepi dengkoel. Déné rokipoen prawan-prawan lan tijang éstri kedah doemoegi oegel-oegel soekoe. c. Boten kénging nganggé kaos semrawang, oet. kaos ingkang warninipoen sami kalijan pakelitan (zie Koerier 25 Juli '29).

O, moegi nagari - nagari Éropa sanésipoen samia njoedarsana prada-jia Itali.....!!!

**

Wasana, sanadyan dawoeh poenika bakoipoen toemrap wanita bangsa Kilén, nanging prajogi oegi winigatosaken Wanita Kath. Indoné-sijah. Awit, koela inggih kerep kémawon soemerep Wanita Katholieke Djawi nganggé rasoekan kain gelas, traping rasoekan saklangkoeng am-beset.enz! Malah wonten Klatén Patjar Mérah naté mregoki kenja Katholieke ingkang sadjakipoen gan-droog moderne kleeding gagrag Éropa! Kadjawi poenika ing kala-angan Wanita Kath. Djawi inggih wonten ingkang madjeng dateng sport. Ingkang makaten waoe, jén léné, ndrawasi!!!

O, sadérék aloening modernisme ingkang saged nglarotaken kasoe-silan Wétanan, kedah kita *prajitnai!!*

Kumuningaselé 13 April '30.

Taklim: Patjar-Mérah.

Padagangan laré éstri.

(Laré éstri tiga badé kasadé).

X. wonten ing *Sin Po* njarijospoent lalampahanipoen laré éstri tiga oe-moer 12 - 14 taoen, asal saking Koetawinangoen Keboemén, dipoen-sadé. Laré waoe dipoenapoesi badé dipoensoekani pandamelan. Kala 24 Maart laré katoempakken baita sa-reng-sareng koeli kontrakten kataling badé dateng Médan. Dr. Saoeddin ingkang kala semanten ndi-lahipoen oeginoempak baita waoe, migatosaken laré tiga kaseboet ingkang tansah nangis lan boten ngré-wés koeli - koeli kontrak sanés-ipoen. Sasamponipoen dipoenpi-takéni, dokter Saoeddin ladjeng mangretos laré éstri 3 waoe dédé panoenggiliipoen tijang kontrakten, nanging badé dipoensadé dateng Singgapeur. Rikala kapal këndel wonten Singgapeur soedagaripoen (kadji) katingal madosi laré waoe. Kala semanten, kanti pitoeloeng-aniipoen kaptin kapal, poen laré sam-

lan ing Ngajogja. Koemisi poenika ingkang tjalon mboedidajá sagedi-poeni njirnakken vrouwenhandel.

Trém éléktoris.

Kawartosaken wiwit 1 Mei ngadjeng poenika, kadjawi goederen-trein satoenggal, sepoer Betawi - Bogor badé loemampah electrisch.

Pamedal S.S. lan N.I.S.

Pamedal S.S. tanah Djawi ing woelana Maart '30 wonten f 4.542.393; oet. soeda 645.333 timimbang kala Maart '29. Déné ing sadjawining th. Djawi soedaniipoen f 16.304.

Kwartaal I ing taoen poenika, manawi katanding kalijan kwartaal I taoen '29, soedaning pamedal S. S. ing tanah Djawi f 2.231.831, déné ing tanah sabrang f 96.102.

N. I. S. woelana Maart poenika tampinipoen soeda f 484.138 manawi katanding kalijan Maart '29. Kwartaa I taoen poenika manawi katanding kwartaal I taoen '29 soedaniipoen f 1.669.706.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWËT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED
ALCYON DUNLOP R. I. W.
RIJWIELEN

Nitjil kénging! — Kentjeng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELE. 508.

Lair kanti wiloedjeng

ing dinten Djoemoewah 28 Maart 1930:

IRMINA - NESTRI - HARDJAPRAWATA.

BATANG 14 - 4 - '30.

NGATOERAKEN:
BEKTI, TAKLIM
lan
POEDJI RAHAJOE,
ING

DINTEN RIAJA PASKAH.

Brajat A. S. Dwidjasaraja.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannja.

ROTE-ROTE, KOEWEE-KOEWEET
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

TJET GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;
5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING, Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

poen kapapanaken dr. Saeddin
wonten klas kalih. Laré waoe la-
djeng kabekta dateng Médan, kapa-
srahaken mevr. mr. Koesoema Soe-
mantri. (Laré waoe sapoenika sam-
poen kawangselaaken).

Pakempalan wanita P.P.I.I. mi-
gatosaken prakawis poenika.

Poesering wérèc njadé laré éstri
poenika sadjakipoen ing Médan,
Singgapeur, Mr. Cornelis lan Poer-
warenda oet. Keboemèn, awit saben-
saben ing ngrikoe wonten wartos
laré éstri dipointolong. Semoe-se-
moenipoen wérèc laré éstri waoe
inggih sasambutan kalijan mendor
kontrak. Manawi boten klebet dados
koeli kontrak, ladjeng kasadé dateng
Singgapeur kalijan regi 200—300
dollar saben prawan satoenggal.

(Lalampahan ing nginggil poenika
dadasa pèpèngetiipoen para ingkang
kagoengan poera éstri, langkoeng-
langkoeng ingkang kasekolahaken
wonten papan sanès! Langkoeng
prajogi ingkang poera éstri kale-
betaken wonten internaat, tinimbang
kaoerih ngladjo srana prebijèt!
Red. Sw. Tm.).

Manoet Aneta taoen kapengker
poenika biro-negari kanggé nang-
goelang padagangan tijang lan laré
éstri ngoeroes 191 prakawis ingkang
mägepoken vrouwendehan. Praka-
wis semanten poenika ingkang 84
kalowearan, ingkang katah-katah la-
djeng sami kakésahaken saking Indo-
nésiah. Ingkang sami nglampahi pan-
damelan makaten waoe mèh sadaja
bangsa Tionghoa. Tetjeng poenika
waoe sami kapotré; Potrétiopoen won-
ten 5000 kakintoenaken dateng pa-
ngageng-pangageng ing ngrikoe lan ta-
nah-tanah sabrang. Bapadagangan
laré, biro waoe ngoeroes 104 laré
djaler dèrèng ngoemoer, lan 32
laré éstri dèrèng ngoemoer. Ing sa-
poenikanipoen, goenggoeng kempal

biro waoe ngeksa immigranten laré
563 ingkang dèrèng oemoer 17 taoen.
Laré immigranten dèrèng ngoemoer,
ingkang késahipoen pijambakan, poen-
ika laré-laré ingkang kasadé kada-
dosaken koeli.

Secretaris Departement Marine.

Toewan J. J. M. Th. Beck, secre-
taris Alg. Rekenkamer, kaangkat
dados secretaris Dep. Marine.

Béja palaboehan.

Ing kwartaal I taoen poenika, pi-
kantoekipoen arta béja ing palaboehan
Tg. Prijoek, manawi katanding
kalijan kuartaal I taoen kapengker,
soeda f 230.000.

Peken-malem Semarang.
Béndjing 26 Juli — 10 Aug. ing
Semarang badé wonten peken-daloë.
(Bahagia).

Parésidénan kadadosaken satoenggal.

Paréntah badé ngitjali parésidénan
pinten-pinten ing Djawi Wétan la-
djeng kadadosaken satoenggal ka-
lijan parésidénan sanèsipoen, soe-
pados ing bawah Soerabaja wonten
parésidénan ingkang radi ageng we-
wengkonipoen. Déné parésidénan
ingkang tjalon kadadosaken satoeng-
gal waoe, i.p. parésidénan Soera-
baja kalijan Madjakerta, Madoera
Kidoel kalijan Panaraga, Gresik ka-
lijan Bodjanagara. Kadjawi poenika
wonten pamanahan andadosaken
satoenggal parésidénan Bandawasa
kalijan Djember. (Soer. Handelsbl.).

Mr. Soemantri badé kaboetjal?

Wonten ing papriksan, Nagari
saged pirsas boekoe-code gadahani-
poen Mr. Soemantri. Codebook waoe
isidi rèsipoen tijang kominis ing
sadjad. Nalika dipoenpitakéni,
soeka katrangan bilih Codebook
poenika waoe dipoenanggé gegaman

sinaoe pijambak. Code poenika waoe
code ingkang kapigoenakaken nalika
perang ageng ing Éropah. Nanging
prakawis poenika dèrèng sage
ngawrataken sariranipoen Mr. Soe-
mantri. Doemadakan nalika poelisi
nangkep kominis Soebakat poenika,
angsas archief-ipoen kalih grobag.
Ing archief waoe tjrijosipoen wonten
tingkang nedahaken bilih Mr. Soe-
mantri naté dados goeroe wonten
satoenggiling Sovjet-Universiteit ing
Moskou, lan oegi pinanggih wonten
pinten-pinten correspondentie. Mar-
gi makaten waoe, kabaripoen Mr.
Soemantri badé angèl ngoengkiri
pandakwa-pandakwa ingkang toe-
moedjoe dateng sariranipoen. Malah
manoet Bintang Timoer — Mr. Soe-
mantri badé kaboetjal, namoeng pa-
panipoen dèrèng sagekatamtokaken.

Katjarisosaken oegi bilih ngendat-
ipoen kominis Soebakat poenika
margi prihatos déné archief-ipoen
dawah wonten tanganing poelisi.

Wadoek énggal.

Aneta martosaken Negari sampoen
ndawohaken damel wadoek wonten
Pendjalin (Tegal) kanti wragad f
190.000, lan diréktør B. O. W.
Kaparingan koewaos ngedalaken
arta f 146.000 kanggé preloe poenika.

N. I. Landb. Mij de Koloniale
Bank lan Ned. Handel Mij, badé
toemoet mikael ragad waoe kanggé
ondernemingipoen gendis 4 enggèn,
kanti maximum f 1000 ing dalem sa-
bin sebaoe ingkang tjalon angsas
toja saking wadoek waoe.

Kantor kaboepatèn kaprikas.

Kantor kaboepatèn ing Sérang
kaprika tw. residen pijambak. Pra-
kawis poenika dados gedering ngak-
tatah. Déné sababipoen saking goe-
gating soedagar Tionghoa kekalih
ingkang wongsal-wangsul neda
langkoengan paos mertjon taoen

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-
rima obat jang selamanan baroe
dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

DJOKJA

soedah terkenal berapa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjap

DJOKJA

"RATHKAMP"
tangoeng beli jang paling baik.
Djaga tjap "RATHKAMP"
dan "ERCEE"

MALIOBORO

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

Semoea barang paling djempol, dan
moerah sekali!

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan ⁸⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ⁵⁾	7.	Pemalang ⁹⁾	7.30.	Kependjén
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6.-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Bou.
Bandoeng	6.-7.30 - 9.	Magelang	7.9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6.-7.30.	Poerworedjo	7.-8.30.	6.-7.30 - 9.
Blitar	7.30.	Malang	6.-7.15 - 8.30.	Pontianak	7.-8.30.	Tandoeng Balai
Buitenzorg	6.-8.	Manado	6.-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandoeng Karang
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Sakti
Djember	7.30.	9.30 (mal.)	8.	Sambas	6.-8.30.	Tara-Tara
Djokja:		Medari ⁶⁾	7.30.	Sambong	8.	Tegal ²⁾
		Jav. 6.-8.	7.-9.	Sawah Loento	7.-8.30.	Tering
Kota Baroe	6.-7.30.	Mendoet	6.-7.30.	Sedajoe	7.	Tjilatjap ⁸⁾
Djombang ¹⁾	7.30.	Modjokerto	6.-8.	Sedjiram	5.45.-8.30.	Tjimahi
Fort de Kock	7.30.	Moentilan	5.-6.-8.	Semarang:	6.-8.	Tomohon
Gandjoeraan ²⁾	7.	Muntok	8.	Gedangan	6.-8.	Wates ⁷⁾
Gombong ³⁾	7.30.	Ngawi ⁷⁾	7.30.	Bangkong	6.30.-8.30.	Weltevreden:
Keboemèn ⁴⁾	7.30.	Padang	7.-8.15.-9 (tjina).	Tjandi	7.30.	Waterlooplein
Kediri	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.-9.	Kramat
Klatèn	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30.-9.	Wonosobo ⁸⁾
Koeta Radja	6.30 - 8.	Palembang	7.-9.	Soekaboemi	6.-7.30.	Woloan
		Pasoeroean ¹⁾	7.30.	Heuvel	5.30.	

¹⁾ 1e. Achad.

²⁾ 1e. + 3e. Achad.

³⁾ 2e. Achad.

⁴⁾ 1e. Achad tiao² doea boelan.

⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad.

⁶⁾ 2e., 4e. Achad.

⁷⁾ 3e. Achad.

⁸⁾ 3e. Achad.

1929, nanging tansah kaoebang-
oebeng kémawon.

Resident Putman Cramer anggèn-
ipoen nindakaken papriksan pijam-
bak waoe dados pamanahipoen ti-
jang katah, awit oegi mriksa sadaja
arta administratie kaboepatèn (Bat.
Nieuwsbl.).

Actie ngitjali laré éstri dèrèng
ngomoer main wonten opera.

Loedjinah Oeroesan Kaoem Pe-
rempeoean dan Gadis gadahanipoen
Sarikat Pemoeda Islam (Jong Islami-
ieten Bond) mentas ngatoeraken
serat dateng burgemeester